



Miami-Dade County Public Schools

giving our students the world

Superintendent of Schools

Dr. Jose L. Dotres

Miami-Dade County School Board

Mari Tere Rojas, Chair

Danny Espino, Vice Chair

Roberto J. Alonso

Lucia Baez-Geller

Dr. Dorothy Bendross-Mindingall

Mary Blanco

Monica Colucci

Dr. Steve Gallon III

Luisa Santos

24 me 2023

Pou Klas 2023:

Konpliman! Gradyasyon nan Lekòl Leta Miami-Dade County se yon moman pou komemore akonplisman ou yo, antisipe nouvo opòtinite nouvo, epi anbrase posiblite enfini yo pi devan. Gradyasyon tou reprezante ane nan devouman ak yon angajman sensè nan avni ou. Mwen sèten ke reyalyasyon sa yo pral enspire yon sans fòmidad nan fyète jan yo fòtifye rezolisyon ou pou avanse pou pi devan ak konfyans nan pwochen chapit la nan lavi ou.

Pou rezon sa a, Lekòl Leta Miami-Dade County kontan rekonèt travay di ou yo ak reyalyasyon ou pou resevwa deziyasyon diplòm ou.

Diplome yo resevwa youn nan de tip diplòm sa yo:

- **Diplòm Estanda** – Prezante bay tout elèv ki satisfè kondisyon gradyasyon Eta Florid la.

- Oswa –

- **Diplòm Distenksyon Sipèntandan** – Prezante bay elèv ki satistè kondisyon gradyasyon Eta Florid la, te anwole nan omwen kat kou nivo siperyè, te konplete 75 zèdtan sèvis kominotè, epitou te genyen yon mwayèn 3,5 oswa plis nan premye trimès klas Douzyèm Ane yo avèk pou pa genyen yon nòt final ki pi ba pase yon "C" sou transkripsyon yo.

Elèv yo kapab resevwa yonn oswa plis gradyasyon deziyasyon avèk diplòm yo. Konsiderasyon Kritè sa yo pran lè y ap detèmine deziyasyon gradyasyon yo:

- **Deziyasyon Akademik**- Prezante bay elèv ki satisfè kondisyon gradyasyon Eta Florid la epi ki pase egzamen fen ane a pou Jewometri, Byoloji 1 ak Istwa etazini, epityou ki genyen yon kredi nan Aljèb II, oswa yon kou ki solid menm jan, yon kredi nan estatistik oswa yon lòt kou matematik ki solid menm jan, yon kredi nan chimi oswa fizik, yon kredi nan yon kou ki solid menm jan ak chimi ak fizik, de kredi nan yon lang mondyal, yon kredi nan AP, IB, AICE oswa yon kou ki doub anwolman.
- **Deziyasyon Merit** – Prezante bay elèv ki satisfè kondisyon gradyasyon Eta Florid la epitou satisfè kondisyon pou resevwa yonn oswa plis sètifika indistri yo.

- **So Annò pou Pwogram Alfabetizasyon Bileng Florid la-** Prezante bay elèv ki satisfè kondisyon konpetans li nan koute, pale, li epi ekri nan yonn oswa plizyè lang etranjè nan yon nivo ki wo, anplis Anglè, genyen kat kredi lang etranjè nan yon sèl lang avèk yon mwayèn 3,0 oswa plis sou echèl 4,0 a ak nivo 4 nan Egzamen ki Kouvri Estansda Florid yo (FSA-ELA), oswa yon nòt oswa yon nivo pèfòmans sou nenpòt egzamen leta yo ki apwouve.
- **So Ajan Pwogram Alfabetizasyon Bileng Florid la-** Prezante bay elèv ki genyen yon nivo ki satisfè konpetans li nan koute, pale, li epi ekri nan yonn oswa plis pase yon lang etranjè, anplis Anglè, epi genyen kat kredi nan yon sèl lang avèk yon mwayèn 3,0 oswa plis sou echèl 4,0 a, oswa yon nòt oswa yon pèfòmans sou nenpòt egzamen leta yo ki apwouve.

Pou plis enfòmasyon sou kondisyon yo ki satisfè demand gradiyasyon, deziyasyon diplòm yo, ak lòt rekonpans gradiyasyon yo, vizite diplomapathways.dadeschools.net.
Bòn chans nan pwochenn inisyativ ou yo.

Sensèman,



José L. Dotres
Sipèentandan Lekòl yo

JLD:ch
L910